



AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

Avi sa a dekri kòman yo ka itilize epi divilge enfòmasyon w epi kòman ou ka jwenn aksè a enfòmasyon sa yo.

Tanpri gade li ak anpil atansyon.

Mystic Valley Elder Services (MVES) bay yon varyete sèvis ki pèmèt moun aje yo ak moun andikape yo kapab rete lakay yo nan kominote a. Paske nou travay avèk yon varyete sous finansman, tankou Medicaid, epi nou jwenn referans nan men yon kantite founisè swen sante, nou kapab gen enfòmasyon sante pèsònèl sou ou.

Enfòmasyon sante pèsònèl gen ladan bagay tankou sèten dyagnostik medikal, kalite sèvis medikal oswa tretman ou resevwa, oswa dat ou resevwa sèvis yo. Avi sa a eksplike ki lè MVES ka itilize epi pataje enfòmasyon sante ou ak dwa ou genyen konsènan enfòmasyon sante o.

Dapre Lalwa, MVES dwe:

- *pwoteje vi prive enfòmasyon sante ou jan ke li dekri nan avi sa a;*
- *eksplike pratik konfidansyalite nou yo pou ou; epi*
- *avize w si enfòmasyon sante ou ki pa te tonbe nan men yon moun ki pa otorize.*

MVES ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou:

- lè y ap kominike avèk manm fanmi oswa lòt moun ki idantifye kòm yon moun pou kontakte pou swen ou oswa kondisyon jeneral ou;
- avèk pwofesyonèl medikal ki gen ladan: doktè prensipal, lòt doktè espesyalis ak anplwaye medikal ki nan biwo yo, lopital lokal yo, sant reyabilitasyon, asirans sante oswa mezon retrèt, kòm yon pati nan jesyon swen ou;
- lè lalwa egzije sa;
- pou aktivite peman, tankou tcheke si w te kalifye pou benefis sante, epi pou yo peye w pou sèvis ke w resevwa yo;
- pou opere pwogram nou yo, tankou evalye kalite sèvis ke w resevwa yo;

- avèk vandè founisè nou yo pou kowòdone sèvis ou yo;
- avèk ajans sipèvizyon sante (tankou MassHealth, oswa Sant federal pou Sèvis Medicare ak Medicaid) pou aktivite sipèvizyon lalwa otorize, tankou ankèt sou fwod ak abi;
- avèk koronè, medsen lejis, direktè finerya, oswa moun ke yo deziyen, jan sa nesesè pou fè devwa yo;
- pou pwojè rechèch ki satisfè egzijans sou vi prive, epi ki ede nou evalye oswa amelyore pwogram Ajans lan;
- avèk ajans gouvènman ki ba ou benefis oswa sèvis;
- pou anpeche oswa reponn a yon ijans sante oswa sekirite imedya epi ki grav;
- pou fè w konnen nouvo benefis ak sèvis, oswa chwa swen sante ke w genyen; epi
- pou ranmase lajan pou rezon charitab MVES.

Eksepte jan sa dekri pi wo a, MVES pa ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante w avèk pèsonn san w pa bay pèmasyon w alekri. Ou ka anile pèmasyon w lan nenpòt ki lè, depi ou fè n konnen sa alekri. Nou dwe jwenn pèmasyon w pou nou itilize enfòmasyon w yo pou rezon maketing oswa lè yo peye nou pou enfòmasyon sante w yo. Tanpri sonje: Nou pa ka reprann okenn enfòmasyon sante ke nou te itilize oswa te pataje lè nou te gen pèmasyon w.

Ou gen dwa:

- pou wè epi jwenn yon kopi enfòmasyon sante pèsonèl ou. Ou dwe mande sa alekri, oswa mande yon lòt moun ou deziyen pou ekri nan non ou. Si ou gen yon moun k ap ajè kòm yon Pwokirasyon, yon Detantè Reprezantan Swen Sante, yon Titè oswa yon Konsèvatè, li ka egzekite dokiman sa a tou. MVES ka fè w peye pou kouvri sètèn depans, tankou fotokopi ak lapòs;
- pou mande MVES pou chanje enfòmasyon sante w si ou panse li pa kòrèk oswa li pa konplè. Ou dwe fè nou konnen alekri, oswa mande yon lòt moun ou deziyen pou ekri nan non ou. Si w gen yon moun k ap ajè kòm yon Pwokirasyon, yon Detantè Reprezantan Swen Sante, yon Titè oswa yon Konsèvatè, li ka egzekite dokiman sa a tou. Idantifye ki enfòmasyon sante ou vle nou chanje, epi poukisa;
- pou mande MVES pou limite itilizasyon oswa pataj enfòmasyon sante w. Ou dwe fè demann lan alekri, oswa mande yon lòt moun ou deziyen pou ekri nan non ou. Si ou gen yon moun k ap ajè kòm yon Pwokirasyon, yon Detantè Reprezantan Swen Sante, yon Titè oswa yon Konsèvatè, li ka egzekite dokiman sa a tou. MVES pa oblije dakò ak demann ou an, sof si li gen rapò ak yon sèvis ou te peye nèt;
- pou mande MVES pou kontakte ou nan yon lòt fason, si kontakte w nan adrès oswa nimewo telefòn nou genyen nan dosye w la ta mete w an danje. Tanpri fè nou konnen pa telefòn epi di nou egzakteman ki kote ak kòman MVES ta dwe kontakte w pou nou ka diskite sa. MVES ap konfime avèk ou alekri sa ke w te deklare a.

- pou jwenn yon lis ki montre kilè ak ak ki moun MVES te pataje enfòmasyon sante w la, sof si gen sèten eksepsyon. Ou dwe mande sa alekri oswa mande yon lòt moun ou deziyen pou ekri nan non w. Si w gen yon moun k ap aji kòm yon Pwokirasyon, yon Detantè Reprezantan Swen Sante, yon Titè oswa yon Konsèvatè, li ka siyen dokiman sa a tou; epi
- pou mande MVES pou l pa fè demann lajan pou MVES pou rezon charitab.
- pou jwenn yon kopi papye avi sa a nenpòt moman oswa pou jwenn aksè elektwonikman nan <https://mves.org/privacy-policy/>.

Enfòmasyon sou Tretman Twoub Izaj Sibstans:

Si MVES resevwa oswa kenbe kèk enfòmasyon sou ou konsènan yon pwogram tretman pou twoub izaj sibstans ki kouvri pa 42 CFR Pati 2 (yon “Pwogram Pati 2”) atravè yon konsantman jeneral ke w bay Pwogram Pati 2 a pou itilize epi divilge dosye Pwogram Pati 2 a pou rezon tretman, peman oswa operasyon swen sante, MVES kapab itilize epi divilge dosye Pwogram Pati 2 w lan pou rezon tretman, peman ak operasyon swen sante jan sa dekri nan Avi sa a. Si MVES resevwa oswa kenbe dosye Pwogram Pati 2 w lan atravè konsantman espesifik ke w ban nou oswa yon lòt twazyèm pati, MVES pral itilize epi divilge dosye Pwogram Pati 2 w lan sèlman jan ke w pèmèt sa eksprèsman nan konsantman w janke w te ban nou l.

Nan okenn ka MVES pa va itilize oswa divilge dosye Pwogram Pati 2 w lan, oswa temwayaj ki dekri enfòmasyon ki nan dosye Pwogram Pati 2 w lan, nan okenn pwosedi sivil, kriminel, administratif oswa lejislatif pa nenpòt otorite Federal, Eta oswa lokal, kont ou, sof si konsantman w oswa lòd yon tribinal otorize sa apre ke yo te fin ba w avi sou lòd tribinal la.

Si MVES itilize enfòmasyon sa a pou kolekte lajan pou benefis nou, MVES dwe premyèman ba ou yon opòtinite klè ak vizib pou w ta refize chwazi resevwa okenn komunikasyon pou kolekte lajan.

Dapre lalwa, MVES dwe ba w avi sa a ki eksplike ke nou pwoteje enfòmasyon sante w la, epi ke nou dwe swiv kondisyon avi sa a.

Si nou menm nan MVES chanje fason nou itilize epi pataje enfòmasyon sante w la, nou va avize w de chanjman sa yo.

MVES pran vi prive w oserye anpil. Si w ta renmen egzèse nenpòt nan dwa nou dekri nan avi sa a, oubyen si ou santi MVES vyole dwa ke w genyen sou vi prive, kontakte Ofisye Konfidansyalite MVES la alekri nan adrès sa a:

Director of Quality Improvement
Mystic Valley Elder Services
300 Commercial Street, #19
Malden, MA 02148

Depoze yon plent oubyen egzèsè dwa ou yo p ap afekte sèvis ou yo. Ou kapab depoze yon plent tou bay Sekretè Sante ak Sèvis Sosyal Etazini.

Pou plis enfòmasyon, oubyen si w ta bezwen èd pou konprann avi sa a, rele (781) 324-7705 Lendi jiska Vandredi, 9 a.m. – 5 p.m.

Efektif: 2/1/2026

Ranplase: 23/9/13, 23/4/14, 22/6/10